# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 अगस्त 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नेपालगंज रोड–नानपारा–बहराइच रेलखण्ड अउर येह खण्ड पर रेल सेवा के शुरूआत बदे बहराइच जिला में आयोजित कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि येह रेल सेवा के नाते अब बहराइच क्षेत्र क कनेक्टिविटी अउरियो बढ़ियां होई।

***यह कनेक्टिविटी हमारे लिए केवल बॉर्डर क्षेत्र की सिक्योरिटी के लिए और सुविधा के लिए नहीं, बल्कि इस पूरे क्षेत्र की प्रोस्पेरिटी के लिए भी अत्यंत महत्वपूर्ण है। मेरा मानना है इसके कारण इस क्षेत्र में विकास की अनंत संभावनाएँ बढ़ेंगी। उद्योग लगेंगे, व्यापार बढ़ेगा, पर्यटन और कृषि को एक नया आयाम मिलेगा।***

कार्यक्रम में केन्द्रीय रेल आ सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव वर्चुअल जरिया से सामिल भइलें। डुमरियागंज के सासंद जगदम्बिका पालो कार्यक्रम में मौजूद रहलें।

**********

सरकार देस में चिप विनिर्माण तंत्र के बढ़ावा देवे बदे एक लाख सत्ताइस हजार करोड़ रुपिया के बजट के साथे सेमीकॉन कार्यक्रम के दूसरका फेरा के अधिसूचित कई दिहले हवे। नई दिल्ली में संवाददाता सम्मेलन में इलेक्ट्रॉनिकी अउर सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलें कि येह से आवे वाला बरिस में दुनियाभर क सेमीकंडक्टर बाजार में भारत क हिस्सेदारी करीब दस फीसदी हो सकेला।

**वैश्विक सेमीकंडक्टर उद्योग को भरोसा है कि आने वाले दशकों में भारत बड़े निवेश के लिए एक प्रमुख केंद्र बनेगा। इसका प्रमाण हमें सेमीकॉन 1.0 के तहत मंजूर की गई परियोजनाओं से मिलता है। इनमें कई इकाइयों ने भूमिपूजन के केवल 13 महीने के भीतर व्यावसायिक उत्पादन शुरू किया है। इसी तेज गति ने वैश्विक सेमीकंडक्टर उद्योग का भारत पर भरोसा और मजबूत किया है।**

**********

नेपाल में बाढ़ से मरे वालन क संख्या बढ़ि के नौ सौ तीनि हो गइल हौ। चारि हजार दुई सौ सैंतालीस से बेसी लोगि अबहिनो लापता बाटें। सज्जों आठ गो प्रभावित जिला में राहति अउर बचाव अभियान तेजी से चलि रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***नेपाल में पाचं से अधिक जलविद्युत परियोजनाओं से जुड़े ढांचों में नौ सौ से अधिक श्रमिकों के फंसे होने की आशंका है। भारत और अन्य देशों विशेषज्ञों के सहयोग से बचाव दल त्रिशुली–तीन–ए सहित कई जलविद्युत परियोजनाओं से जुड़ी सुरंगों में तलाश की जा रही है। भारतीय बचाव दल, चिलिमे और लांगटांग में पनबिजली संयंत्रों पर नेपाल की सेना के साथ मिलकर काम कर रहा है। लगभग 21 हजार सुरक्षाकर्मी राहत और बचाव कार्यों में जुटे हुए हैं। समाचार कक्ष से वैष्णवी।***

येह बिच्चे, नेपाल में भीषण बाढ़ अउर जलग्रहण वाला इलाकन में तेज बरखा ने नाते बिहार में गंडक अउर कोसी नदियन क जलस्तर बढ़ि गइल हौ। नदी के बहाव के नियंत्रित करे बदे वाल्मीकिनगर बैराज क सज्जो छत्तीस गेट अउर कोसी में बीरपुर बैराज का छप्पन में से पचीस गेट खोलि दिहल गइल हौ।

**********

कौशाम्बी जिला क पुरामुफ्ती थाना इलाका के मोहम्मदपुर गांवे में आजु एगो पटाखा फैक्ट्री में भइल भीसण धमाका में तीन लोगिन क मौउत हो गइल जबकि पनरह लोगि गम्भीराहे घाही हो गइलें। उहां के जिलाधिकारी अमित पाल बतवलें कि परसासन अउर पुलिस क टीमि मौउका पर पहुंची के राहत कारयन में जुटि गइल हो।

***जनपद प्रयागराज–कौशांबी के बॉर्डर की यह घटना है। लगभग 10:40 बजे इसकी सूचना प्राप्त हुई थी। पटाखा फैक्ट्री में ब्लास्ट के संबंध में सूचना प्राप्त हुई थी। अभी मौके पर रेस्क्यू ऑपरेशन जारी है। लगभग 3 की मृत्यु की सूचना है, बाकी अभी उपचार चल रहा है और राहत कार्य भी जारी है।***

**********

हापुड़ जिला मे बीतल राति गंगा एक्सप्रेसवे पर एगो सड़क हादसा में चारि लोगिन क मउति हो गइल। बदायूं से दिल्ली के ओर जा रहल एगो कार सिम्भावली थाना इलाका क हाजीपुर गांवे के लग्गे बेकाबू होके पलटी गइल। हादसा में कार में सवार चार लोगिन क ओहिजुकवे मउति हो गइल। जबकि एगो किसोर गम्भीराहे घाही हो गइल। सूचना पवते पुलिस घटना स्थल पर पहुंचलसि अउर शवन के पोस्टमार्टम बदे भेजि देहलसि। येह हादसा में घाही किसोर के अस्पताले में भरती करा दिहल गइल हौ।

**********

प्रदेस भर में हो रहल बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़ले के नाते कई गो नदियन क जलस्तर बढ़ि रहल हौ। बलिया अउर फर्रूखाबाद में गंगा नदी खतरा के चिन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ। चित्रकूट में मंदाकिनी नदी क जल स्तर बढ़ले के बाद राहत अउर बचाव कार युद्ध स्तर पर जारी हौ। वाराणसी में गंगा अउर वरूणा नदी क जल स्तर बढ़ले के सम्भावना के देखत जिला परसासन इक्सठ बाढ़ राहत सिविर इक्कीस गो बाढ़ चौकी अउर एक सौ अन्नठानवे नाव क व्यवस्था कइले हवे। ओहां गंगा नदी चेतावनी क चीन्हा के लग्गे पहुंची गइल हौ। ऐहर गोरखपुर अउर आसेपास के इलाकन में आजु दुपहरिया बाद से रूकी–रूकी के बरखा क सिलसिला जारी हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग राज्यभर में पांच सितम्बर ले कहीं–कहीं भारी बरखा क चेतावनी दिहले हवे।

**********